# А.ӘБДИЕВТИҢ «ЖАРЫЛҚАСЫН ЖАҒЫМПАЗ, НӘЖИМ БАСЛЫҚ, АЛТЫН БАЛЫҚ ҲӘМ ҚАРАМАҒЫЗ ҚАРАНЫҢ СУЛЫЎЫ ҚАРАМЫҚ ХАНЫМ ҲАҚҚЫНДА ӘҢГИМЕ» ГҮРРИҢИНИҢ КӨРКЕМЛИК ӨЗГЕШЕЛИГИ

**Ктайбекова Зулфия Кенгесбаевна,**
*филология илимлери бойынша философия докторы (PhD), Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

***Аннотация.*** *Мақолада А.Абдиевнинг ҳикоясидаги бадиий хусусиятлари таҳлилга олинган. Ёзувчи томонидан ҳикояда сюжет яратишдаги, бадиий тасвирий воситаларидан ва деталлардан фойдаланишдаги маҳорати матндаги мисоллар асосида таҳлил қилинган. Ҳикояда қаҳрамон характерини яратишда, асар воқеаларининг деталь ёрдамида ёритилиши ва ечим топиши илмий-назарий жаҳатдан асослаб берилган.*

***Таянч сўзлар***: *ёзувчи, ҳикоя, деталь, образ, стиль, персонаж, сюжет, маҳорат.*

***Аннотация.*** *В статье анализируются художественные особенности рассказ А.Абидева. сюжета в рассказах. На основе приведенных в тексте примеров анализируется умение писателя создать сюжет в рассказе, использовать художественные изобразительные средства и детали. Создание характера героя рассказы, объяснение событий произведения с помощью деталей и поиск решения научно-теоретический ососнованы.*

***Ключевые слова***: *писатель, рассказ, деталь, образ, стиль, персонаж, сюжет, мастерство.*

***Annotation.*** *The article analyzes the artistic features of A.Abdiev's story. The writer's skill in creating a plot in the story, using artistic visual tools and details is analyzed based on the examples in the text. The creation of the character of the hero in the events of the work with the help of details and finding a solution are scientifically and theoretically justified.*

***Key words:*** *writer, story, detail, image, style, character, plot, skill.*

Алланазар Әбдиев – ҳәзирги дәўир қарақалпақ әдебиятында өзиниң көп санлы прозалық шығармалары менен белгили. Оның гүрриңлери идеялық-тематикалық жақтан турмыс машқалаларын, шаңарақ мәселеси, жаслар турмысы, әдеп-икрамлық т.б. темалардағы ўақыяларды сүўретлеўи менен китап оқыўшыларын өзине тартты. Автор өз шығармаларындағы ҳәр бир эпизодта персонажларды сыпатлаўда, сөз таңлаўда, көркем детальды пайдаланыўда, сүўретлеў қуралларын қолланыўда бир қанша шеберликке ерисе алған. Әсиресе, көркем детальдан шығарманың темасын ҳәм идеясын ашыўда жүдә өнимли қолланған. Жазыўшы А.Әбдиевтиң көпшилик гүрриңлеринде көркем детаьлар, атап айтқанда, предметлик (затлық) детальлар, психологиялық детальлар шеберлик пенен шығарма сюжетине сиңип кеткен. Нәтийжеде, ҳәр бир гүрриңиниң ўақыялары пикирлерди аз сөз бенен баянлаўда, персонаж

характериниң ишки ҳәм сыртқы өзгешеликлерин ашыўға, ўақыя сюжетиниң мазмунлы ҳәм ықшам сәўлелендириўде кең қолланылғанлығы көзге тасланады. Илимпаз З.Қабдоловтың айтып өткениндей, «деталь жазыўшыны көп сөзликтен сақлайды, сөзди үнемлейди, қысқа жуўмақлаўға бағдарлайды» [2.97].

Жазыўшының «Жарылқасын жағымпаз, Нәжим баслық, алтын балық ҳәм қарамағыз қараның сулыўы Қарамық ханым ҳаққында әңгиме» гүрриңдеги ўақыяларға да ертеклик сюжет тийкар етип алынған. Гүрриңде алтын балық деталы арқалы Жарылқасын жағымпаздың ақылсызлығын, Нәжим баслықтың нәпсиқаўлығы ҳәм арсыз, ҳүждансызлығы, Қарамағыз қараның сулыўы Қарамық ханымның ақыл менен ис алып баратуғын даналығы көркем образлы ўақыялар арқалы сәўлеленген.

Гүрриңның сюжети А.С. Пушкинниң «Балықшы ҳәм алтын балық ҳаққында ертеги»ниң сюжети менен мазмуны жағынан үнлес келеди. А.Әбдиевтиң гүрриңиндеги қаҳарманлар Жарылқасын жағымпаз образы А.С.Пушкинниң шығармасындағы балықшы ғарры образына, Нәжим баслық образы Пушкинниң ертегиндеги кемпир образына, Қарашық ханым образы ертектеги балық образына типологиялық жақтан уқсас. Автордың гүрриңиндеги алтын балық үшинши шәртти орынлаў күшин Қарашық ханымның өзине тапсырыў арқалы шығарманың жуўмағында жаманлық үстинен жақсылықтың жеңиси менен тамамланған.

Қазақ новелласын изертлеген илимпаз Т.Сатылханова, «Сүўретлеў детальлардың өзин ишлей: затлық деталь, пейзажлық деталь, портретлик деталь, деп бөлинсе, психологиялық детальларды ис-ҳәрекет деталь, тиллик деталь деп бөлип үйренеди [2.48]. Гүрриңде алтын балық – затлық деталын орынлы қолланыўы ҳәм ертеклик сюжетти тийкар етип алыўы жазыўшының шығарма дөретиўдеги өзине тән жеке қәлем ысылған стильге ийе сөз шебери екенлигинен дерек береди.

А.Әбдиев гүрриң арқалы реаль турмыслық ўақыяларды сүўретлеў менен бир қатарда, жәмийеттеги айырым адамлардың жағымпазлық, нәписқаўлық, ҳүждансызлық қәсийетлерин сынға алған. Әсиресе, базыбир басшылардың өз ўазыйпалары дурыс жүрите алмаса да, ҳәмел ушын батып таслайтуғынын, ҳәмел алған соң да артықмаш мал-дүнья, улыўма тойып секирип, басар-түсерин билмей қалатуғынлығын тәккаббир менмен Нәжим баслық образы мысалында орынлы ашып көрсеткен. Бул арқалы жәмийетлик образ ҳәм характер жаратыў айрықша сыпатқа ийе екенлигин көриўге болады. Әсиресе, унамсыз қаҳарманлар образын дөретиўде, олардың ис-ҳәрекетлери ҳәттеки өз-ара сөйлесиўиндеги, диалогларда көркем сүўретлеў қуралларын қолланыўда

халықтың тил байлықларынан, нақыл-мақаллардан ҳәттеки вульгаризм дурыс қолланыў арқалы олардың характерлерин шеберлик пенен ашып бергенлиги көзге тасланады. Мысалы: « – Ақмақ! – деп Нәжим әшкөзленип, уратуғындай тап береди. – Надансаң! Тиле тилегиңди десе, ойланып турып, жақсылап тилемейсең бе, өндирип-өндирип. Усындай, бир түйир ақылың жоқлықтан баслық бола алмай жүрсең!... – деп Нәжим көп алып тынды. Бир қанша ўақыттан соң ишиндеги ашыў ыдысы таўсылып өзиниң министр менен ушырасқандағы әпиўайы күле шырайланған қәлпине дөнди» [1.106-107] Усы келтирилген эпизоттағы Нәжим баслықтың сөзлери арқалы оның ишки характери ашылса, ис-ҳәрекетлери арқалы еки жүзли келбети сыпатлап берилген. Ал, Жарылқасын жағымпаздың арсызлығы, намыссызлығы, ойсызлығы автор тәрепинен төмендеги баянлаў арқалы көриўге болады: «Ҳе, мениң сеннен балық қарызым жоқ, жумысыңды қалдырған ўақытым болмады кетсең деп алыс күн барып жүрмен», - деп айтатуғын Жарылқасында ондай жүрек жоқ...

Жағымпаз ўақыт өткен сайын сөзге арланбайтуғын намыссыз болып, баслықтың бақырсына үйренисип те кетти. Оның үстине баслық: « - Сен мениң садық ийтим болдыңа кеширерсең, садық қулым, туфай, ядыма келмей атырғанын қарашы, садық хызметкерим болдың...» - деген гәплерине де қарсыласпай, арланбастан тура беретуғын, ети өлип кеткен намыссызлығы ашып көрсетилген. Ҳәттеки, ҳаялы қарамағыз Қараның сулыўы Қарашық ханымды Нәжим баслығы ойнаслыққа шақырғанда да қараспастан баслығының айтқанына көнип, үшинши шәртти орынлаў ушын алтын балыққа барғанында, Жарылқасынның алтын балықта түсинип, оннан шәртти буйырыў күшин тартып алып ҳаялына бийликти береди.

Жазыўшы гүрриңинде унамсыз қаҳарманлардың характерин жаратыў арқалы шығарма сюжетиниң қызықлы ашылыўын, ўақыялардың алтын балық деталы арқалы дурыс шешим таўып, жақсылық пенен жуўмақланыўына айрықша әҳмийет қаратқан.

Жуўмақлап айтқанда, жазыўшы А.Әбдиевтиң ҳәр бир гүрриңин үйрениў арқалы жас әўлад өмирден дурыс жол таңлаўға, турмыс машқалаларынан сүрникпей өтиўге бағдар алады.

**Пайдаланылған әдебиятлар:**

1. Әбдиев А. Қарақалпақ қосығы. (Повестьлер, гүрриңлер, тымсаллар, интермедиялар ҳәм сценарийлер). – Ташкент: Tamaddun, 2021.
2. Қабдолов З. Сөз өнери. – Алматы, Мектеп, 1982.
3. Сатылханова Г. Қазақ новеллаларындағы детальдың көркемлик хызмети: филос. докторы (PhD) дәр. ал.уш. докт.дисс. – Алматы, 2019.